Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2023 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOGIRASYON POU TRANSFÒMASYON 65 MILYON DOLA FLANIGAN SQUARE NAN TROY

Pwojè River Street la pral kreye 72 apatman pou moun ki gen revni miks ak lojman pou granmoun aje ki gen 123 inite

Lokatè komèsyal yo enkli "Bargain Grocery" ki abòdab ki pral ede konbat ensekirite alimantè lokal

Bati sou envestisman 10 milyon dola pou kreye yon distri komèsyal dinamik nan Troy atravè Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inogirasyon pou Flanigan Square, yon devlopman ki koute 65 milyon dola pou itilizasyon miks nan River Street nan Troy, Konte Rensselaer. Devlope pa First Columbia, pwojè a kouvri twa bilding epi li pral genyen plis pase 200 inite lojman, ki gen ladan lojman pou moun ki pa gen anpil revni ak pou granmoun aje, yon episri abòdab, ak plis pase 40,000 pye kare espas komèsyal. Sitiye nan distri Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Troy la, pwojè transfòmasyon an pral ede adrese defi lokal tankou lojman ak ensekirite alimantè nan youn nan zòn resansman ki gen plis detrès sou plan ekonomik nan Rejyon Kapital la epi kreye yon destinasyon sou litoral la ki pral ankouraje kwasans ak devlopman rejyonal.

"Avèk plizyè santèn inite lojman, yon makèt tou nèf ki abòdab, ak amelyorasyon domèn piblik la nan vil Troy, Flanigan Square reprezante egzakteman kalite pwojè nou bezwen vivifye nan anba vil nou yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè envèstisman nan devlopman tankou sa a, administrasyon mwen an ap ede ogmante rezèv lojman an, abòde pwoblèm ki dire lontan tankou ensekirite alimantè, epi kreye katye dinamik ki vibwan nan tout Eta New York ki pral ede fè ekonomi rejyonal la vanse pou pi devan."

Transfòmasyon Flanigan Square a gen ladan twa lokal - 547, 549 ak 558 River Street - nan Anba Lavil Troy. Nan 547 River Street, pwojè a gen ladan yon konvèsyon 68,000 pye kare espas biwo nan 72 inite rezidansyèl – plis pase mwatye nan yo pral deziyen inite pou moun ki gen revni fèb yo. Lòt renovasyon enteryè ak eksteryè pral kreye plis pase 40,000 pye kare espas komèsyal, ak plan pou yon miray an wòch pou eskalad eksteryè epi ki vitre ak yon sal jimnastik. Lòt travay sou sit gen ladann chemen pou

pyeton, estasyon rechaj veyikil elektrik, ak pakin amelyore. Akote nan 549 River Street, First Columbia ap planifye pou konstwi yon etablisman lojman pou granmoun aje k ap gen 123 inite.

Atravè lari a nan 558 River Street, First Columbia pral renove prèske 20,000 pye kare espas komèsyal pou enkli yon espisri nan premye etaj la ak yon espas pou preparasyon repa nan dezyèm etaj la. Bargain Grocery (Mache Bon Afè), ki te premye ouvri an 2002 nan Utica, planifye pou okipe espas la ak travay pou konbat gaspiyaj alimantè ak ensekirite alimantè. Magazen an fè patenarya ak vandè nasyonal ak lokal yo pou achte manje ki pwodui twòp, epi li resevwa pwodwi ke kèk konpayi bay, answit vann pwodui sa a nan yon pri ki ba. Pwofi magazen an te pwodwi finanse Kowalisyon Konpasyon san bi likratif la pou sipòte moun ki nan bezwen yo.

Bargain Grocery ofri bon jan kalite, manje ki an sante ak yon pri abòdab nan yon zòn ki nan ensekirite alimantè pandan y ap travay tou pou konbat gaspiyaj alimantè epi li bay asistans finansye diskrè pou moun ki nan bezwen yo.

Sekretè Deta Eta New York la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Vil Troy se yon kominote istorik ak vibran k ap kontinye grandi. Lè yo rekonèt siyifikasyon litoral Troy a, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la sèvi kòm yon konektè pou anpil nan ti biznis, atis, ak enstitisyon kiltirèl ke yo posede lokalman. Bòz ki te kreye pa Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Troy la ap katalize envestisman adisyonèl ak konplemantè tankou Flanigan Square. Gras a angajman Gouvènè Hochul pran anvè DRI a, Troy ap kontinye sèvi ak bilding ki vid depi lontan yo an etablisman polivalan ki aktif. Enklizyon inite lojman--enkli pou granmoun aje yo-- ak aksè pratik ak pwovizyon fre, an sante ak abòdab pèmèt rezidan yo viv, travay ak leve yon fanmi."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, “Nou kontan pou sipòte pwojè transfòmasyonèl Flanigan Square la, ki pral ede non sèlman rezidan yo ak plis aksè ak abòdab, an sante, sèvis sante ak kondisyon fizik, ak machandiz lokal ki nesesè anpil nan tout kominote a, li pral atire biznis epi kreye djòb, ranfòse ekonomi an nan pwosesis la."

Fondatè ak Prezidan First Columbia, Kevin Bette, te deklare, "Mwen pa ka panse ak yon pi bon bagay ou ka fè pou yon kominote pase mete yon Bargain Grocery. Pi gwo ekipman ki manke nan katye sa a, ak zòn anba lavil adjasan a, se yon espistri konplè. Sa a pral chanje règ jwèt la."

Pwojè 65 milyon dola a ap sipòte pa jiska 6.7 milyon dola nan sibvansyon ESD, ki gen ladan 3 milyon dola nan fon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Kapital la. ESD te bay pwojè a tou jiska 9 milyon dola nan Nouvo Kredi Enpo pou Mache a, ki fèt pou ankouraje devlopman kominotè nan zòn ki gen revni ki fèb yo nan eta a. Anplis de sa, Vil Troy ap kontribye 400,000 nan alokasyon Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan ACT, ARPA) an. Pwojè a pral kreye nèf djòb, epi li prevwa jenere plis pase 120 djòb endirèk lokalman.

Fondatè Bargain Grocery a, Mike Servello, te deklare, "Pati sa a nan Troy ta ka konsidere kòm yon 'dezè alimantè' pou li vrèman koresponn ak misyon nou an. Rezidan nan katye ki pa gen anpil resous yo pa gen aksè ak menm manje ki an sante, menm òf ke lòt moun genyen. Pi gwo espisri yo anjeneral pa ale nan zòn tankou sa a, kidonk nou ap fè patenarya ak lòt lidè kominotè yo pou fè yon bagay sou pwoblèm enpòtan sa a."

Pwojè Flanigan Square la sitiye nan esktremite nò zòn Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil Troy la, ki te akòde 2021. Distri Riverwalk DRI konpak la gen yon gwo pati nan resous atistik, kiltirèl, ak amizman vil la, ki gen ladan plis pase yon rivaj ki apeprè de kilomèt edmi. Nan kad prim 10 milyon dola, yo te chwazi 11 pwojè total pou finansman, ki fèt pou amelyore sèn kiltirèl ak atistik dinamik li, posibilite pou mache ak koneksyon, opòtinite lojman ak sèvis kominotè

Senatè Eta Jacob Ashby te deklare, "Sa yo se kalite patenarya piblik-prive sible ki ede rezidan yo satisfè bezwen debaz yo epi mennen yon kwasans ekonomik solid. Jodi a, mwen te rankontre ak ofisyèl yo ki soti nan Bargain Grocery, epi mwen kwè yo pral yon gwo patnè sivik. Mwen kontan tou ke eta a ap envesti nan lojman pou fanmi klas mwayèn yo, granmoun aje yo ak sila yo k ap debwouye yo. Mwen panse ke pwojè sa a se yon viktwa ki gen plizyè aspè pou Troy, epi mwen kontan sipòte li",

Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare, "Inogirasyonjodi a nan Flanigan Square se yon vrè temwayaj sou angajman vil la pran depi lontan pou konstwi lojman abòdab. Devlopman lojman abòdab pou itilizasyon miks lan pral bay fanmi ak granmoun aje lojman pèmanan abòdab yo bezwen pou yo rive jwenn estabilite ak sekirite. Ogmantasyon Bargain Grocery kòm yon lokatè komèsyal pral ranpli yon gwo bezwen pou sèvis episri a nan dezè alimantèVil Troy la epi li pral ede bay aksè fasil, ekitab ak manje ki fre ak nourisan. Mwen kontan anpil pou m wè envestisman kontinyèl sa nan Vil Troy."

Patrick Madden, ki se Majistra Troy, te deklare, "Vil Troy rekonèt valè bon jan kalite nitrisyon pou tout katye yo nan alwe 400,000 dola nan fon Lwa sou Plan Sekou Ameriken an—lajan ki fèt pou ede kominote yo reprann apre COVID-19—nan etabli yon espisri nan North Central. Lè nou ofri bon jan kalite pwodui ak episri nanpri ki ba, n ap amelyore rezilta nitrisyonèl ak sante fanmi nou yo, pèfòmans jèn nan lekòl nou yo, ak kalite lavi an jeneral nan katye a. Mwen remèsye First Columbia ak Empire State Development lan pou patenarya yo nan abòde yon dezè alimantè lokal lè yo pote episri sa a Troy."

###